



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVÈL INISYATIV POU PWOMOUVWA TOURIS IVÈNAL ATRAVÈ ETA NEW YORK

Nouvo Kanpay Piblisite Pral Pwomouvwa Destinasyon Ivènal New York yo sou Mache Medyatik yo Atravè Nòdès lan

Ou Ka Wè Piblisite yo [Isit la](#) ak [Isit la](#)

Wikenn Vwayaj sou Moto Nèj Gratis Anyèl Ki Planifye pou 3-5 Fevriye

Gouvènè Andrew M. Cuomo te devwale jodi a yon nouvo kanpay komèsyalizasyon ki konsevwa pou ogmante kantite vizitè yo epi jenere enterè nan pi gwo atraksyon ak destinasyon touristik ivènal Eta New York yo. Kanpay komèsyalizasyon ivènal la, ki pral enkli de (2) nouvèl piblisite televizyon yo, pral pase nan mache medyatik yo atravè Nòdès epi pwomouvwa New York kòm yon destinasyon ivènal klas mondyal. Gouvènè a te anonse ke Wikenn Vwayaj sou Moto Nèj Gratis (Free Snowmobiling Weekend) anyèl Eta New York lan pou tout Kanadyen ak moun an deyò eta yo ki renmen monte moto nèj yo, li pral òganize soti apati Vandredi 3 Fevriye, pou rive Dimanch 5 Fevriye 2017.

“Ogmantasyon touris nan rejyon nò a li kontinye rete yon priyorite prensipal pou administrasyon nou an, epi ak kanpay piblisite sa ak wikenn vwayaj sou moto nèj gratis lan, nou ap ajoute sou siksè pase nou yo, epi favorize atou natirèl nou yo nan pote plis vizitè nan New York pandan sezon ivènal la,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.**

“Mwen ankouraje Nouyòkè yo menm jan ak touris yo pou ale vizite destinasyon ivènal san parèy sa yo ak santye moto nèj yo, epi pran avantaj de tout sa ke New York gen pou ofri.”

Konpay piblisite ivènal la gen landan de (2) piblisite televize I LOVE NEW YORK ki dire 30 segonn ki ap ekspeze divès aktivite rekreyatif epi ki apwopriye pou fanmi yo ki genyen nan Empire State, pandan l’ap raple espektatè yo de divès atraksyon ki fè de Eta New York yon destinasyon ivènal klas mondyal. Yo pwograme pou piblisite yo pase apati 20 Janvyè pou rive 19 Fevriye nan mache majè yo ki nan New York ak atravè Nòdès la, ki enkli Pennsylvania, Ohio ak Connecticut, menm jan ak Montreal ak Toronto, Kanada.

Premye piblisite a konsantre sou espò ak destinasyon rekreyatif ivènal yo, epi li enfòme espektatè yo ke New York gen plis montay pou eski ke nenpòt lòt kote nan peyi Etazini. Li pwomouvwa tou divès atraksyon nan Rejyon Nò a, ki genyen pami yo Kissing Bridge

ak Canalside ki nan Rejyon Lwès New York; Plattekill Mountain ki nan Catskills; montay West, Gore ak Whiteface yo ki nan Adirondacks; ak Allegany State Park ki nan rejyon Chautauqua-Allegheny an. Ou ka wè piblisite a sou YouTube [isit la](#).

Piblisite amizman ivènal la, ki ap kòmanse ak fedatifis sou yon palè ki an glas nan Saranac Lake Winter Carnival ki renouvle nan Adirondacks lan, li gen ladan atraksyon ki apwopriye pou fanmi yo atravè eta a, ki enkli Greek Peak Cascades Indoor Water Park ki nan Finger Lakes, Long Island Children's Museum lan ak Long Island Welcome Center ki fèk ouvri resamman an, ak Bear Mountain State Park ki nan Hudson Valley. Ou ka wè piblisite a sou YouTube [isit la](#).

Toulède piblisite yo disponib nan kalite TV (fòm h264) [isit la](#).

Vwayaj ivènal yo responsab pou 21 pousan nan touris total New York, sa ki ap konte pou plis pase \$13 milya nan depans dirèk vizitè yo an 2015. W'ap jwenn plis enfòmasyon sou touris ivènal nan Eta New York ki disponib nan www.iloveny.com/winter ak sou aplikasyon mobil gratis I LOVE NEW YORK, ki disponib pou telechaje sou iTunes ak nan magazen aplikasyon Google Play yo oswa nan www.iloveny.com/mobile.

Wikenn Vwayaj sou Moto Nèj Gratis

Gouvènè Cuomo te anonse tou wikenn vwayaj sou moto nèj gratis anyèl eta a pral òganize nan kominote yo atravè New York nan Vandredi 3 Fevriye, pou rive Dimanch 5 Fevriye, pou tout Kanadyen ak moun an deyò eta yo ki renmen monte moto nèj yo. Yo pral retire frè enskripsyon pou tout motonejis yo ki andeyò eta ki te enskri komsadwa epi ki gen asirans amatè yo ki swete eksplòre 10,500 mèt santye motonèj New York yo.

Aktyèlman, motonejis Kanadyen ak sa yo ki an deyò eta yo gen obligasyon pou enskri motonèj yo avèk Eta New York avan yo franchi santye yo nan Eta, etann apati Hudson Valley pou rive a North Country a lwès New York. Enskripsyon pou vwayaj sou moto nèj la koute \$100, men li diminye a \$45 si moun ki konn monte moto nèj lan se yon manm club moto nèj lokal la. Yo pral retire frè sa pou Kanadyen ak moun an deyò eta yo ki renmen monte moto nèj yo pandan wikenn pwomosyonèl la, depi ke yo enskri kòrèkteman epi gen asirans nan yon lòt eta oswa Kanada.

Pandan wikenn vwayaj sou moto nèj gratis lan, yo pral retire frè enskripsyon vil yo pou tout Kanadyen, moun nan eta yo, ak moun an deyò eta yo ki renmen monte moto nèj yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou vwayaj sou moto nèj, ki enkli enskripsyon sou entènèt pou tout moun an deyò eta a yo ki renmen monte moto nèj yo pandan peryòd ki pa pwomosyonèl yo, klike [isit la](#).

Kominote vwayaj sou moto nèj eta a li jenere yon enpak ekonomik total de \$868 milyon, dapre yon etid ki te fèt nan ane 2011 pa State University nan Potsdam. Wikenn pwomosyonèl la pral bay yon ranfò pou ti biznis lokal yo epi ede pwomouvwa gwo rezo santye moto nèj Eta yo, ki te byen gani epi byen mentni pa plis pase 230 club moto nèj lokal yo toupatou nan Eta New York.

Howard Zemsky, ki se Prezidan, CEO ak Komisè Empire State Development, te deklare, "Gouvènè Cuomo kontinye ak angajman li nan fè pwomosyon touris nan tout eta a ak nouvo kanpay piblisite ivènal sa, ki fyèman envite vizitè yo pou vin

eksperimante pi bèl montay, atraksyon touristik ivènal inik ak aktivite klas mondyal New York yo atravè Eta a.”

Rose Harvey, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik yo (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare, “Gouvènè Cuomo te fè yo kokennchenn travay nan pwomouvwa tout sa ke New York gen pou ofri bay moun ki antouzyas pou rekreyasyon ivènal ekstèn yo. Sezon ivè se pa moman pou rete nan kay. Vizitè nan New York yo pral jwenn dè milye kilomèt santye moto nèj ki byen gani ki disponib pou kapab amize, ansanm ak yon pakèt kote pou fè eski, monte treno, jwe rakèt, fè patinaj ak lòt ankò nan Pak Eta yo atravè New York.”

Basil Seggos, ki se Komisè Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation), te deklare, “Sezon ivè se yon bon moman pou fè ti soti epi eksperimante opòtinite ekstraòdinè yo pou rekreyasyon ekstèn yo nan Eta New York, epi gras a Lidèchip Gouvènè Cuomo a eta ap elaji pwomosyon pou tout aktivite ke abitan ak vizitè yo nan eta a kapab pwofite de yo. Wikenn vwayaj sou moto nèj gratis lan se yon bon moman pou eksperimante espò sa epi eksplòre Adirondacks, Catskills ak dè milye ekta lòt tèren leta yo ki disponib pou amizman, pandan l’ap sipòte ekonomi lokal yo ki depann de revni touristik sa ki nesèsè anpil la.”

Dominic Jacangelo, ki se Direktè Ekzekitif Asosiyasyon Moto Nèj Eta New York (New York State Snowmobile Association), te deklare, “Mèsi Gouvènè poutèt yon lòt fwa ankò ou fè deklarasyon ak pwomosyon yon ‘Wikenn Vwayaj sou Moto Nèj Gratis’ nan New York. Mwen gen asirans ke yon fwa ke moun ki sot an deyò eta nou an yo eseye gwo sistèm santye New York nou an, yo ap retounen chak ane.”

Moun ki ap dirije yon moto nèj yo ta dwe familye ak pratik kondwit sekirize yo ak tout lwa, règ ak règleman ki aplikab yo. Pi bon fason pou aprann se nan pran yon kou sou sekirite moto nèj. Yon lidè nan edikasyon motonèj, Eta New York ofri yon kou fòmasyon operatè pou motonejis yo ka asire sekirite pasaje yo ak lòt itilizatè santye yo. Pou jwenn yon kou, klike [isit la](#). Yo ekzije yon sètifika sekirite pou jèn yo ki gen laj ant 10 ak 18 ane.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418